SULUK MARTABAT WAHDAT WAKIDIYAT

Anggitan-dalem Ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan Pakubuwana kaping III.

A S M A R A D A N A

◯◯ Pada 01 ◯◯

Martabat pitu kinawi,
pra samya angawruhana,
Akadiyat wiwitane,
ping kalih martabat Wahdat,
ping tiga Wa/kidiyat,
Wahdaniyat kapatipun,
kaping lima Ngalam Misal.

◯◯ Pada 02 ◯◯

Ping nem Alam Jesam singgih,
Insan Kamil ping pitunya,
martabat iya tegese,
akarya ing kenyatahan,
tegese Akadiyat,
nyatakaken ing datipun,
tuhune ing dhirinira.

◯◯ Pada 03 ◯◯

T[e]gese Wahdat puniki,
nyatakaken sipatira,
pan wis nyata ing dheweke,
t[e]gese kang Wakidiyat,
punika kaya paran,
nyatakaken wismanipun,
wus nyata ing aranira.

◯◯ Pada 04 ◯◯

Wahdaniyat ingkang wahit,
puniku den kawruhana,
gone nyata dat sipate,
asma kalawan apengal,
pundi nyataning ngedat,
roh ilapi jatinipun,
nyatane amung titiga.

◯◯ Pada 05 ◯◯

Nyatane kang roh ilapi,
wus nyata ing ngasalira,
nyatakaken ing rupane,
ping kalih alam ajesam,
tegese alam jesam,
nyatakaken abngalipun,
insan kamil kaping tiga.

◯◯ Pada 06 ◯◯

Ingkang ngaran asma jati,
nenggih asmane roh Allah,
edat ilaha sipate,
ilalah ing-nga/ran asma,
Muhkammad Rasullullah,
gih puniku apngalipun,
nora jasad lan Muhkammad.

◯◯ Pada 07 ◯◯

Wus nyata asal ngawruhi,
pundi ingkang ngaran edat,
lan sipat apngal asmane,
wus nyata ing jenengira,
nyatane polahira,
puniku roh jatenipun,
apngal nyata gawenira.

◯◯ Pada 08 ◯◯

Nyatane asma kang yekti,
pangucap ing roh punika,
namaning ngeroh jatine,
jaba jero pan wus nyata,
terus kalawan padhang,
datan ana liyanipun,
teka wulune salembar.

◯◯ Pada 09 ◯◯

Pundi kang ngaran roh jati,
iya kang anyata iman,
tokit lawan makripate,
kang pundi tegese iman,
pangistune roh Allah,
kang ngaran tokit puniku,
tunggal jeneng lawan sira.

◯◯ Pada 10 ◯◯

Tegese makripat iki,
paningalira punika,
aran makripat tegese,
punapa kang tiningalan,
kalawan tinarima,
jenenge roh kang rumuhun,
narima ing jisimira.

◯◯ Pada 11 ◯◯

Nenggih tatkalane urip,
kinarya paesan tunggal,
narima ing wayangane,
kaya roh ing nguripira,
nanging Nga/lah kang mulya,
anenggih kang Maha Luhur,
langgeng datan kena owah.

◯◯ Pada 12 ◯◯

Apa kang tunggal pamanggih,
tunggal wujud lawan sira,
pamanggih ing roh tegese,
jangjine urip satunggal,
kaya paran tunggalnya,
tegese tokit puniku,
datan roro jenengira.

◯◯ Pada 13 ◯◯

Paningale roh kang ening,
datan mulat maring liyan,
nenggih amung pangeranae,
dadi awas mring pangeran,
sapa wonge kang ngawas,
ingkang ngawas mring rohipun,
iku awas marang Suksma.

◯◯ Pada 14 ◯◯

Pangucap ing roh kang yekti,
iku wong ngamaca Kur'an,
ing siyang lawan dalune,
tan lali ing ngadhepira
kang madhep marang Suksma,
ngendi lakune roh iku,
nenggih nglampahaken salat.

Kapethik saking Serat Suluk Jaman Karaton Dalem ing Surakarta.